# РӘСМИЙ МҮНӘСИБЕТ

⚡ РӘСМИЙ МҮНӘСИБЕТ

Жақында социаллық тармақларда ПФК «Арал» футбол клубына ҳәм Туран стадионына итибар қаратылмай атыр» мәнисинде материал тарқалды.

Ҳақыйқатындада, спорт тараўындағы болып атырған жаңалықларды, әсиресе футбол тараўындағы реформа ҳәм қабыл етилип атырған қарарларды кеңнен социал тармақларда жәриялап барыўда бир қанша ақсап атырғанлығымыз көзге тасланды.
Бирақ, бул дегени футболға болған итибардың жоқ дегени емес, ал, бүгинги күнде елимизде спортқа болған итибар жүда күшли болып, бул бағдардағы итибар нәтийжесинде «Арал» футбол клубы ойынлары ҳәм биринши лигадағы ийелеп киятырған орынлары менен өз ықласбентлерин қуўандырып келмекте.

Стадион: 2008-жылы Туран стадионы толық қайта реконструкция етилип, жақын ўақытларға дейин спорт ҳәм футбол жарыслары өткерилип келинген. Сондай-ақ, 2023-жылдың инвестиция бағдарламасы бойынша қайта реконструкция етилиўи белгиленген.

"Арал" - Соның менен бирге, футболды раўажландырыўды хошаметлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесининиң 2022-жыл 16-март күнги 632-санлы Президиум қарарына тийкар, жергиликли бюджеттиң қосымша дәраматлары есабын ПФК «Арал» футбол клубы есап бетине жәми 2 481 000 000 сўм қаржы өткерип берилген.

Соннан, Өзбекстан чемпионаты биринши лига ойынларына қатнасыў ушын ЎзПФЛ ағзалық төлемине 50 000 000 сўм, «Арал» футбол командасының футболшылары, тренерлери ҳәм администрация хызметкерлериниң тийкарғы ис ҳақысы ушын 505 500 000 сўм, футболшылар ҳәм тренерлерди жыл басында спорт кийимлери ҳәм футбол инвентарлары менен тәмийинлеўге 45 000 000 сўм ажыратылды.

«Арал» футбол командасы усы күнге шекем 11 мәрте хызмет сапарында болып, соннан хызмет сапары ушын жәми 267 213 968 сўм қаржы жумсалды.
Футбол клубы усы күнге шекем 13 мәртебе жеңиске еристи ҳәм ҳәр бир жеңисли жүрис ушын 573 000 000 сўм хошаметлеў пулы төлеп берилди.

«Арал» футбол командасы Өзбекстан чемпионаты биринши лига ойынларында мүнәсип қатнасыў ҳәм жоқары нәтиийжеге ерисиў мақсетинде 2022-жыл март ҳәм июль айларында Ташкент қаласына оқыў-шынығыў жыйынларына қатнасып қайтты ҳәм бул оқыў жыйынлары ушын 186 830 290 сўм, футболшылардың денсаўлығын беккемлеў мақсетинде витаминлер менен тәмийинлеўге 14 826 000 сўм ажыратылды.
Өзбекстан чемпионаты биринши лигасының «Арал» командасы үй ойынларын басқарып барыўшы төрешилер қурамы ушын 15 688 798 сўм ажыратылды.
«Арал» футбол командасы турнир кестесинде 16 команда арасында 21 ойында қатнасып, соннан, 42 упай қолға киргизилди. Ҳәзирги күнде «Арал» футбол командасы турнирде 2-орынды ийелеп келмекте.

Ҳүрметли социаллық тармақ пайдаланыўшылары, бизге жақыннан жәрдем берип киятырған блогер ҳәм футбол ықласбентлериниң "Арал" футбол клубын қоллап-қуўатлап атырғанлығына шексиз миннетдаршылық билдиремиз.